

Pembantoe sareng agen: Prianan koelon Bestuur Padoendan Bogor. di Tjiandjoer Bestuur Padoendan Tjiandjoer. Prianan tengah H. B. Padoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Padoendan Tasikmalaja.

Diitjak di Sockapoera deukdjeri Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Prianan wetan Bestuur Padoendan Tjiamis. Djawa wetan Bestuur Tjabang Padoendan Soerabaya.

LANGGANAN. 3 sasib f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar, 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINAFA Redakteur di Batawi: SOERADIRADJA.

Directie, Administratie: Bestuur Padoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE: 1/16 katta f 2,50 1/32 " f 1,50 Sakali mocat Langganan langkoeng mirah.

Artos langganan kw. ka 4 enggal kintoenkeun sakalian sareng anggoeun ngagaleuh brochure „Democratie” lima benggol.

Democratie.

Soesoeganan aja mangpaatna keur orang Soenda lezing djoeragan Wirasendjaja di Tjiandjoer koe „Padoendan” Tasikmalaja dititjak didjadikeun brochure. Soepadus angger tiasa nga loearkeun brochure eta boekoe didjoea! anggoeun ongkos njitakna lima benggol (saparangkoeun!) sareng ongkos ngitoeu-keun. Noe ngitoeu-keun parangko lima benggol engke dikintoen hiji boekoe „Democratie” pja eta ngaranna eta boekoe. Langganan Sip. mah artosna hidjikeun bae sareng artos langganan.

Saena mah ngagaleuh sasarengan 10 a 100 dihidjikeun soepadus oelah seueur teuing ongkos postwissel. Mangga djoeragan-djoeragan Bestuur tjabang „Padoendan” padjengkeun eta brochure.

Serat-serat pesenan adrekeun ka Bestuur Padoendan tjabang Tasikmalaja.

Poenale sanctie.

Moenggoeh pikeun toelang ngoelik djaln politik mah kana ieu babasan deungeun teh tangtos moal bireuk, da sadidintenna anoe ditalek ditoeukil teh ngan oeroes-oeroesan bab ngolah narara bae.

Koering anoe kakara pisan meunang tjaritna hartina ieu basa, hajang pisan ngahoeoeskeun ka djoeragan-djoeragan anoe ahli, anoe parantos tabah tina hal ieu oeroesan.

Tjeuk soedjaring noe njarita, goebragna medal ieu masalah ka Indonesia, asal-moesalna tina djaln hajang ngamadjoekuan tanah loearuan mah Djawa kajaning Soematra, borneo djeung salianana. Tanah noe pantar kieu soerah pimadjoekuanana tina perkara tatanen, lamoen henteu dibantoe koe djalma piloearan, saperti poelo Djawa, tanah Tjina djeung djaba ti eta, sabab djelemana, anoe pimigaweeunana koerang pisan. Oelah kon keur noe digawe (karoele), tjatjahan tanah loebak liboek oge, sasat noe ditegal-ambakeun, geus teu diapiora, teu dipikaboetoe, da loba teuing tea.

Ekkeur mah-ekkeur goepnemen hijleuk djaln pikeun ngamadjoekuan hal ieu, katoeroeg-toeroeg aja sawatara maon modal (kapitalisten) anoe ngerong kana ieu perkara atoech muraun. Oge di oerang, mah pibasaunana asa mobok manggih gorowong. Nja babadaman, koemaha piakalennana raggakan bisa hasil. Ana goebrag pedal nja eta aja koelie ordonnantie, keuli contract sareng arbeidsinspectie. Sakoemua atoe-atoean tina perkara ieu nja disaboet „Poennale Sanctie” tea.

Poenale sanctie teh memang hadana loba kabina-bina nja eta ngamadjoekuan cultuur di tanah Soematra djeung „Borneo” sarawoeh ngadjoeng-djoeng ka kapitalisten, sangkan beuki loba pangasilanana. Atoeh tanah Djawa oge rada katjeretan saeutik-etikeun, katoeloeng koe ngeranganana tjatjah djiwana sakadarana, oelah sina pasedek sedek pisan.

Keur djaman Z. E. Besar Limburg, lamoen teu salah-ieu teh geus djadi hiji masalah anoe penting sabehditoeun ti penting, uha geus sedeng henteuna „Poennale sanctie” dileungitkeun lantaran beuki-djeu-beuki diu-beuki kaaroeninga koe noe palinter-djeung koe nationale vereenigingen, jén ieu atoean katjida koerang hadana pikeun koeli-koeli anoe saolah-olah leungit kamerikaanana sanggeusna djadi contract-koeli.

Anoe poegoech bae, anoe saari-ari katarangali kaenjingna koe sadajana, koeli-koeli anoe marios ka ditoe teh (ka Deli oepamana) tjara noe didjoea! pajoe, tjarang langka anoe bisa nujjak deui bali geusan ngadjalna. Kantenan ari maksoedna ieu, koedoe baralik deui tea mah, njasat pik-eun ngerangan panggeusi tanah Djawa atoech tapi eta da tara aja bedja-be djana atjan ari geus leos teh.

Dina palebah dieu, sakoeringeun mah, katjida asa-asana (teu wani pisan) njeuetkeun jen maranehanana di ditoeana teh pinanggih reudjeung kasuunaan. Komo lamoen oerang ngingetkeun kieu mah; dina rek arinditna oge kalolobaanana ngan koe tipee daja, koemaha rek pertjajana, jen papanggih djeung kasuunaan di pangrebaraanana. Di dinjana mah anging Allah anoe oeninga moega-moega bae oelah kadjadian tjara panjanga oerang dieu tea.

Moenggoeh pikeun kaom modal tangtos tina perkawis ieu djadi kaabotan, margi kapakik koeloe tambah ngaloearkeun modal pikeun ngadatangkeun koeli merdika sarta margina koelina ondjoi ti ajeuna; djadi pangasilanana moal tjara anoe enggeus-euggeus. Namoeung meudjeuhna bae koerang saeutik mah atoech, koedoe padu sili eledan bae, kapan oentoengna teh sawareh mah nepi ka ngaratos peroen. Komo cepami jaktos-sapertos noe diserat koe T. Stokvis dina Het Leveu mah tjariosna.

Atoeh pikeun ngrangan tjatjah djiwa tanah Djawa mah, njandak bae djaln anoe sanes anoe langkoeng sive, tjara ngamadjengkeun kolonisatie tea, namoeung oelah tjara noe parantos-parantos, kedah disaean. Oepamina bae. Si djelema-djelema teh sing poegoech tanahna, poegoech geusan padoemoekanana, dipasihannamoe pimadjeunana, beh sakolana geusan anak intjeena noeroetkeun saasalna saasalna; moen oerang Soenda, sakola Soenda, moen ti Djawa sakola Djawa. Kiteo deui saboeobohan-saboebohanana teh sing poegoech ieu djadi kokolotna. Tjindekna mah koedoe didjatakakeun tjara deungeun deungeun.

Geuning ka poengkoer tina hal immigratie sareng emigratie parantos dihesengkeun di tjb. Psd. Tjiandjoer, pirakoe djrg-djrg. parantos lali deui, kapan dina Sipatahoenan oge ngemplad dimoent. Tab kedah kiteo kolonisatie teh ari palaj aja boektina mah. Sakitoe noe djadi tjita-tjita sanctie teh, hajang teh ieu lesse kerelesless leungit oelah sina ngoelampreng-ngoelampreng deui, gemelar di pantja tengah. Singlarkeun, baidkeun, ke ditoe ka Sarjang ka Pal-mbang, oelah deukeut-deukeut deui ka dieu, bilih matak tambah loba noe sangsara.

Koe galagat anoe kaoeni di loehoer tea, oerang bisa nimbang-nimbang, naha koemaha paedahna poenale sanctie tea pikeun oerang priboeoni. Naha matak njanangeun atawa henteu, atawa bisa oge njoempunan (besut-woorden) kana tjita-tjitana pamarentah pikeun ngerangan tjatjah djiwa tanah Djawa sarta ngagegekkeun tanah Soematra djeung salianana?

Djiga-djigana mah bengkoeng bekas njalahan pisan ngan oekoe noe saboulah (sapihak) bae noe ngeunah ge-nah teh, da ari pikeun oerang mah kitoe boektina.

Dina tebah dieu koering bingoeung pisan ngrira-ngirana (negoehna), naha maan anoe koedoe diuomer hidjikeun koe pamarentah teh, naha ngamadjoek-keun kaom modal atawa rahardjana oerang priboeoni?

Lamoen hale ngetpen ngahoeapan mah, tengtue bae anoe disaboet pandeuri anoe koedoe dikahareupkeun teh, sabab kaitoe-ikana kawadjaban lahir djeung batin.

Lamoen enja kieu tjatjekelanana noe djadi pamarentah, atoech geus modal leuwih ti hade lamoen eta „Poennale sanctie” dileungitkeun ajeuna-ajeuna, oelah sina ngambaj mandjangeun sangsara djelema-djelema.

Oentoeng pisan sarta koering katjida-otona, tjabang Psd. Tjiandjoer, djatjaha ngadatoerkeun prostelan ka kongres Psd noe bakal datang, soepaja njoehoeunkeun ka pamarentah ngaleungitkeun ieu Sanctie. (Parantos aja dina werkprogram Red).

Ieu mah reopina, minangka keur panggeuing bae, da kapoengkoer-poengkoer oge geus aja noe njoehoeunkeun; ngan soepa djeung soegan bae ari ragag-ragag teuing mah, matak aja oge (tjadi) pertimbangan anoe sajaktoe-jaktosna.

Moenggoeh pikeun kaom modal tangtos tina perkawis ieu djadi kaabotan, margi kapakik koeloe tambah ngaloearkeun modal pikeun ngadatangkeun koeli merdika sarta margina koelina ondjoi ti ajeuna; djadi pangasilanana moal tjara anoe enggeus-euggeus. Namoeung meudjeuhna bae koerang saeutik mah atoech, koedoe padu sili eledan bae, kapan oentoengna teh sawareh mah nepi ka ngaratos peroen. Komo cepami jaktos-sapertos noe diserat koe T. Stokvis dina Het Leveu mah tjariosna.

Moenggoeh pikeun kaom modal tangtos tina perkawis ieu djadi kaabotan, margi kapakik koeloe tambah ngaloearkeun modal pikeun ngadatangkeun koeli merdika sarta margina koelina ondjoi ti ajeuna; djadi pangasilanana moal tjara anoe enggeus-euggeus. Namoeung meudjeuhna bae koerang saeutik mah atoech, koedoe padu sili eledan bae, kapan oentoengna teh sawareh mah nepi ka ngaratos peroen. Komo cepami jaktos-sapertos noe diserat koe T. Stokvis dina Het Leveu mah tjariosna.

Atoeh pikeun ngrangan tjatjah djiwa tanah Djawa mah, njandak bae djaln anoe sanes anoe langkoeng sive, tjara ngamadjengkeun kolonisatie tea, namoeung oelah tjara noe parantos-parantos, kedah disaean. Oepamina bae. Si djelema-djelema teh sing poegoech tanahna, poegoech geusan padoemoekanana, dipasihannamoe pimadjeunana, beh sakolana geusan anak intjeena noeroetkeun saasalna saasalna; moen oerang Soenda, sakola Soenda, moen ti Djawa sakola Djawa. Kiteo deui saboeobohan-saboebohanana teh sing poegoech ieu djadi kokolotna. Tjindekna mah koedoe didjatakakeun tjara deungeun deungeun.

Geuning ka poengkoer tina hal immigratie sareng emigratie parantos dihesengkeun di tjb. Psd. Tjiandjoer, pirakoe djrg-djrg. parantos lali deui, kapan dina Sipatahoenan oge ngemplad dimoent. Tab kedah kiteo kolonisatie teh ari palaj aja boektina mah. Sakitoe noe djadi tjita-tjita sanctie teh, hajang teh ieu lesse kerelesless leungit oelah sina ngoelampreng-ngoelampreng deui, gemelar di pantja tengah. Singlarkeun, baidkeun, ke ditoe ka Sarjang ka Pal-mbang, oelah deukeut-deukeut deui ka dieu, bilih matak tambah loba noe sangsara.

Koe galagat anoe kaoeni di loehoer tea, oerang bisa nimbang-nimbang, naha koemaha paedahna poenale sanctie tea pikeun oerang priboeoni. Naha matak njanangeun atawa henteu, atawa bisa oge njoempunan (besut-woorden) kana tjita-tjitana pamarentah pikeun ngerangan tjatjah djiwa tanah Djawa sarta ngagegekkeun tanah Soematra djeung salianana?

Djiga-djigana mah bengkoeng bekas njalahan pisan ngan oekoe noe saboulah (sapihak) bae noe ngeunah ge-nah teh, da ari pikeun oerang mah kitoe boektina.

Dina tebah dieu koering bingoeung pisan ngrira-ngirana (negoehna), naha maan anoe koedoe diuomer hidjikeun koe pamarentah teh, naha ngamadjoek-keun kaom modal atawa rahardjana oerang priboeoni?

Lamoen hale ngetpen ngahoeapan mah, tengtue bae anoe disaboet pandeuri anoe koedoe dikahareupkeun teh, sabab kaitoe-ikana kawadjaban lahir djeung batin.

Lamoen enja kieu tjatjekelanana noe djadi pamarentah, atoech geus modal leuwih ti hade lamoen eta „Poennale sanctie” dileungitkeun ajeuna-ajeuna, oelah sina ngambaj mandjangeun sangsara djelema-djelema.

Oentoeng pisan sarta koering katjida-otona, tjabang Psd. Tjiandjoer, djatjaha ngadatoerkeun prostelan ka kongres Psd noe bakal datang, soepaja njoehoeunkeun ka pamarentah ngaleungitkeun ieu Sanctie. (Parantos aja dina werkprogram Red).

Ieu mah reopina, minangka keur panggeuing bae, da kapoengkoer-poengkoer oge geus aja noe njoehoeunkeun; ngan soepa djeung soegan bae ari ragag-ragag teuing mah, matak aja oge (tjadi) pertimbangan anoe sajaktoe-jaktosna.

Moenggoeh pikeun kaom modal tangtos tina perkawis ieu djadi kaabotan, margi kapakik koeloe tambah ngaloearkeun modal pikeun ngadatangkeun koeli merdika sarta margina koelina ondjoi ti ajeuna; djadi pangasilanana moal tjara anoe enggeus-euggeus. Namoeung meudjeuhna bae koerang saeutik mah atoech, koedoe padu sili eledan bae, kapan oentoengna teh sawareh mah nepi ka ngaratos peroen. Komo cepami jaktos-sapertos noe diserat koe T. Stokvis dina Het Leveu mah tjariosna.

Atoeh pikeun ngrangan tjatjah djiwa tanah Djawa mah, njandak bae djaln anoe sanes anoe langkoeng sive, tjara ngamadjengkeun kolonisatie tea, namoeung oelah tjara noe parantos-parantos, kedah disaean. Oepamina bae. Si djelema-djelema teh sing poegoech tanahna, poegoech geusan padoemoekanana, dipasihannamoe pimadjeunana, beh sakolana geusan anak intjeena noeroetkeun saasalna saasalna; moen oerang Soenda, sakola Soenda, moen ti Djawa sakola Djawa. Kiteo deui saboeobohan-saboebohanana teh sing poegoech ieu djadi kokolotna. Tjindekna mah koedoe didjatakakeun tjara deungeun deungeun.

Geuning ka poengkoer tina hal immigratie sareng emigratie parantos dihesengkeun di tjb. Psd. Tjiandjoer, pirakoe djrg-djrg. parantos lali deui, kapan dina Sipatahoenan oge ngemplad dimoent. Tab kedah kiteo kolonisatie teh ari palaj aja boektina mah. Sakitoe noe djadi tjita-tjita sanctie teh, hajang teh ieu lesse kerelesless leungit oelah sina ngoelampreng-ngoelampreng deui, gemelar di pantja tengah. Singlarkeun, baidkeun, ke ditoe ka Sarjang ka Pal-mbang, oelah deukeut-deukeut deui ka dieu, bilih matak tambah loba noe sangsara.

terang oge, roa basa anoe dja. manawi dimaloem bae.

Ngemoetkeun eta bae Sip. teh so-ra sadaja djalma, timbangan djalma rea, anoe aja di Padoendan djiisim koering roemasa, di ditoeana mah hajang moelang tarima, sasat djadi doeloer, ari djeung doeloer tea boeroek-boeroek papandjati ongkoh, manawi bahan katampi.

Sanes sakali doea kali anoe nerangkeun hal hiroepna oerang Padoekoe-han di dieu, malah mandar bae oepami deui teh, henteu bosen anoe maos, margi oerang padoekoe-han teh njawana oerang dajeh.

Oerang lemboeur tjepech, oerang dajeh kabawa sunjeuh, sapertos tatanenna koe hama oerang kota kaboeok.

Sawangsoelna tjeukoel oerang lemboeur oerang dajeh miloe soegih, geuning oesoem ngidjib, oerang sisi teu bisa ngala soeloeh, oerang kota miskeun hawoe (mahal).

Rereana, moenggoeh dajeh, henteu pati miroesa ka patani, anoe miskin, sok soep kan paribasa njaliksik ka boeok leutik, noe titeuleum disim-teuhan.

Noe kaja tambah beunghar, noe tjeukoep tambah liatoech, noe miskin kari koelina, taja pisan kamadjoean, taja anoe noengtoseu noe noedoehkeun.

Koeli-koeli leuheung basa aja noe ngoelikeun manehna bisa mihapekeun beuteung aja sahoeapuan sakopeun, naradjang lebah teu aja soemawon-anak rabina manehna ge njamos.

Koerang remen niugal, djaman ajeuna oerang sisi anoe leumpang rek koeli lantoeung ka dajeh lalakon 5 a 6 pal, poelang lengoh.

Postjal-patjoel lahan teu boga rek maro (nengah) beaueun!

Tjing mangga maranehan moen oerang kiteo, tjara maranehanana? Padahal tanah Prianan teh iega, oeploek-aplak kenah, kadaek aja, kabisa soemawonna (henteu ngedoel) tapi

Tjarek noe oeninga rekes kadinja? Jaktos tjedek noe leber wawanenna mah, ngadeuheus rek barang penta koe, koe didatangan ambtenaar oge, kapau geus katjeleok sok dagdag-deg-deg, sieun ditalian, katambah sanadjan aja ge pigaweeun, ongkosna ti mana?

Ari kalahang djiisim koering mah, montong rekke-rekes, ngantos tjap. Sina daji, sok-sok bae tanah hakoe-lah (boekneun) teh geura bikeunan, da geus hasil mah, djadi kebon atawa sawah moal koe saha deui.

Oelah ngan ngubah djeung ngubah, ngan: saeokoer noeroet dahar, molah noe batoer hasilna, koe deungeun.

Saha noe miloe mikiran nasibna si miskin, lian ti oerang?

Simkoering ge henteu ari tiasa ngadamel wet onaman, noe ngenteng-keun ka oerang lemboeur sarta beres, eta mah terserah ka noe djadi Ambtenaar bae, djabi ti eta oge pertjan-ten bae da di oerang teh henteu kirang noe laloehoeung, anoe kersa noeloeng ka noe boetoech haat, ka noe hajang.

Oerang Padoekoe-han.

Pitaros.

(Samboengan)

Kom: koempoelan goeroe-goeroe tea mah, mani piligenti ngadeuheuna ka Departament teh, boelan ieu P. G. H. B., boelan sedjen P. N. S. ganti boelan deui K. B.

Koemaha ari sakali ngadeuheun teh,

pipir hawoe.

Poenale sanctie.

Sakoer pagoejoeban politik pada ngadoger soepaja poenale sanctie, moesna ti Indonesia, soerat-soerat kabar oerang Priboeini Volksraad oge pada njoehoeunkeun ka Pamarentah Agoeng soepaja ditjaboet atoean koeli Contract.

Tapi oesoesan Avros (toekang-toekang kebon) tjaritna noe lemah lemboeut, toeloj njingsennan, moen euweuh atoean eta, rek indit bari ngoesap birit, achirna . . . digoego.

Koemaha ari ajeuna, geus kahoeuktian? Di Soeban ajam djeung Poelo mandi? „Schandalig!” tjenah teu njana, malah Poelo Mandi mah djadi lid tina Avros dilepas, Kdj. Pamarentah ngalarang koeli-koeli arindit ka Poelo Mandi.

Ehem! naha ari Soeban Ajam noen? Kdj. Pamarentah henteu ngalarang koeli ka Soeb. Ajam?

Moal kitoe pedah Soet. ajam, mah toean tina Iteuk? ngaholan?

Gelenjoe.

mani ambarikoet ngagembol voorstel-voorstellen anoe beunang ngoempoelkeun mangboelan-boelan tea, toer meunang ngasakkeun dina Congres, istoening anoe parenting tea, kawantoe beunang meting, tjeuk oerang mah, pendekna mah, geus bae perloe dikaboel teh, kawantoe kahajang volk toelen.

Dikaboel eta teh?

Noe matak atoech, ana sor teh di sanggakeun ka doenoengan, mani meh sadajana teu katoeang, sangkilang anoe njanggakeunana teh bangs oah-oah na bae. Paling aloes ngan oekoer meunang: „Boleh diharep.” „Akan dibitjarakau” enz. Aja oge hiji-hidjieuun anoe siga dikaboel, tapi ieu mah doemadak meneran bae, koe pamarentah rek dikaloearkeun (didjieuun). koe koempoelan dipenta; atoech siga uaker pang ajana teh lantaran djasanya koempoelan, padahal sanadjan teu dipenta koe koempoelan oge rek dijakkeun! Ari anoe estoer djaas koempoelan-koempoelan mah, anoe meunang ngabedegeul menta koempoelan anoe pamarentah teu kagoengan maksad kana ngajakkeun atawa ngeweuhkeun 1 perkara, ahir-ahir lantaran dikeukeuhan koe koempoelan dja; di aja atawa djadi euweuh, asa teu atjan aja. (pirakoe Suur.)

„Koemaha ieu teh asa pabeulit teuing tjarios teh?”

Kieu geura misilna:

P. P. P. B. ti bahenla menta ditoe-roenkeun renten gadean lantaran mahal teuing, tapi nepi ka ajeuna angger bae, malah asana beuki tambah.

V. S. T. P. menta soepaja roepa-roepa primi oelah dileungitkeun atawa dikoorangan tapi keukeuh bae.

S. I. menta soepaja hak priboeini disaroakeun djeung bangsa Europa; tapi nepi ka ajeuna. . . .

P. G. H. B. menta soepaja gadjih goeroe-goeroe oelah katjida teuing bedana djeung golongan sedjen, menta . . . enz. . . . tapi lapeer deui bae.

Tah djaba ti dinja oge poeloeh-poeloeh maksoed anoe teu aja einboessana.

„Eta, anoe matak kitoe teh naon sababna?”

„Ah, doea teuing atoech. Disaboet-keun menta noe lain-lain, asa pirakoe; da eta teh sakoer noe dipenta teh kabeh oge reudjeung alesan, toer

enja perloe pikeun rajat. Diseboet-keun koret aueo dipentaan, beuki moestabil. Kapun geus katjelok ka awoen-awoen, kawentar ka mana-mana jen pamarentah teh adil moerahi welasan toer wadjib noeroet kama pamenta rahajatna teh.

"Eta sanggeus koempoelan-koempoelan tea ngarasa menta kitoe lapuer, menta kieu loepuet, rek make djalan koemaha?"

"Naha rek enggeus bae?"
Ah, nja ongeus bae meureun; da boektina geuning mana - mana noe geus teu ditoeoet teh dirantep bae, teu digomeng-gomeng deui.

"His, atoeb ari kitoe mah teu poegoeh; kapan tadi oge pang ajeuna koempoelan-koempoelan teh noeroetan oerang Eropa. Mangkaning tjeuk oerang Eropa mah, saha-saha anoe boga maksoel, atawa karep, atawa dijiljeunna teu diinggeuskeun, tegesna ten ditelojkeun nepi ka djadina, nepi ka ngaoerkeun hasilna, eta nanggoeng DOA GEDE soemawonna lamoen kaberoes koe adjalna mah, nja matak paeh moelot. Mangkaning pamentana koempoelan-koempoelan tea, geus lain poeloh deui, rates ge leuwih boe anoe teu djadi, toeroeg toeroeg geus sababaraha oerang pangoeng anoe geus nepi kana adjalna, aja noe adjal di pangboengan, di boei, meureun eta teh nanggoeng DOA GEDE."

Astaggiroellah, ieu kitamoe, bet tambah njoso barang tanjaja lall djung beuki njesdek deui, bangoenbangoen noe rek ngabolokotokkeun pribemeri.
Tjeuk dijinjikeuring: Ah eta mah loba deui akal mah, naou bae, mogok sagala.
"Koemaha koelan? Koe koepingan teh mngok? Heuheueueu deui! Na teu emoet kana mogokna oerang S.S. sareng oerang Pandhuis, koemaha kadjantenana, nambah senang, nambah ripoeh?"
Atoeh da koe koering oge kahartos, (tjeuk tame), Ari hartosna mogok teh ngalawa, ngalawa koe pamaksa; mangkaning anoe rek dilawan teh sakitoe tohagana, sagala aja, sagala sadia, Ari anoe mentana sakitoe ramidjoelna, soemawonna kaseboet parahot tea, atawa kapinteran, kapun hakaneun ge geus teu boga, na koemaha djalanna rek bisa meunang?"
Tjeuk dijinjikeuring: Koe djalan leuleus atoeb, ari teu bisa koe djalan keras mah.
Tameo: "Djalan leuleus tjara noe moesapir, andekak di sisi djalan? Waah, paling meunang ge pser penion, noe geus teu lakoe dibuulikeun. Atoeh ari rek ngandelkeun kasataran mah tjara noe djadjoek, teu koedoe make koempel - koempel kitoe, enggeus bae ngalapan takdir ti Pangeran, karek-rea oerang an."

Tjeuk dijinjikeuring: Eja sana-djan kitoe oge, ari koempel mah rompog djoekoeng reudjeung batoer, nja koedoe ba."
Tameo: "In poegreh ba ari koe kitoe tea mah, sanadjan koering oge lain njarek atawa ngagoreng kana koempoelan, ngan eta hjang njaho toengtoengna; lamoen eta koempoelan-koempoelan tea, menta kieu lapuer, menta kieu loepuet, rek make djalan koemaha? Naha aja skal sechen baris ngalaksanakeun?"
Sanggem dijinjikeuring: Lain naha ieu teh bet asa di beak-beakkeun teuing?"
"In lain, pedah eta geuning, dina vragdering ting tjoroowok" dina soerak kabar berendel "njeboetkeun jen lamoen oerang (pribemeri) geus resep, geus daek kana koempoelan tangtue hasil p maksedan oerang. Tah, koering mah hajang njaho, panghasina teh make djalan koemaha, da noeroetkeun noe enggeus-engeus mah beunang diseboetkeun (meh) teu aja tapakna."
Sanggem dijinjikeuring: Doeka teuing atoeb, da kanjaho koering mah digawena koempoelan-koempoelan teh ngan oekoer njanggakeun motie djeung audentie ka wakil pamarentah, saeuwihna ti dinja mah asa teu aja deui.
Tah, djoeragan Redactie, atanapi sana bae bae anoe kersa, sareng hatwas ka dijinjikeuring, tjing koemaha dijawabna eta patarosan tamoe teh?"
Ajeuna mah entong tebih - tebih, ieu bae Pasowolan, oepami aja paoeloen ka pamarentah, ahir-ahir teu dikaboelkeun bae; naha bade make djalan koemaha?"
Ari naros ka sasami oerang lembor, taja pisan hodjah, sadajana

ngiroeng ba, wantoe-wantoe sadaja tjetek-otakna. Koemargi eta sateu-atjanna sim koering batoer rewoer-woer toehoeh ka pua djoeragan unwah ka djoeragan Red., miwelas ka sim koering noe kaboeingboeilingan koe panaros batoer; kersa mapariuan lawang pamoecka akal.

Si Belet.

Panjamtoeng:
Ari teu aja pisan imah boesahna pagoejoelan politik sareng pagoejoelan sagawe henteu. Apan bedjana hoofdeld bade dileungitkeun dina taheun 1927, sareng Inlandsche verponding bade dikirangan. Ieu teh sareatna mah nja eta koe actiouna pagoejoelan politik.

Hanas eta pamentana pagoejoelan sagawe ajeuna teu hasil, atoeb hajoh deui bae padjoa, koeatkeun pagoejoelan sagawe oerang, oelah ka nepi pada ngantep.

Ajeuna roepina rek eungkeut-eungkeut deui pagoejoelan sagawe boga pangharepau, koe margi liudia ditjepeug koe G. G. ajeuna.

Koemaha da kasjaan ajeuna mah, seueur noe pada koekeoloeoes, nanging ari ka pagoejoelan sagawena ngantep teu kersa djadi lid-lid atjan.

Red.

Vuurwapen-Ordonnantie (Stbid No. 155) atoeran sendjata api.

Noemoetkeun Staatsblad 1926 No. 155, sadajana djalma anoe miara sendjata api ngawitan ti taueun 1926 pasda kedah digentos, sareng sahan taueun kedah majar plakzegel anoe ditempel dina eta pas, doepi anoe parantos miara henteu bade dilalajengeu miarana, eta sendjata api oepami henteu padjing ditjalna ka noe sanes, ketah dipasrahkeun ka kautoor politie (dirampas).

Koe margi eta taugtos sadajana oge paraotus tingali kana kadjadian eta, namoeng di lebah abdi mah ahotna s-pertos noe kasebat dina sub C. (*tblad 1926 No. 155) nedil pangosna f 40, - kedah oengsal taueun majar f 6, - djadi dina 7 taueun parantos sami sareng pangosna bedil, sareng kaperioeanana moeng kanggo perdjagian bae, ma'loem rorompok tjeuk ka leuweung, bilih aja sato galak, sanes deui oepami toekang moro mah, taugtos moal ngaroes regeel, kaseuseuranana sok diango perdjagian rorompok bae, digantoeungeun kana tihang.

Sapertos abdi oerang leuweung noe teu ngoeping-ngoeping kasjaanana kota dijaan eta Stbid 1926 No. 155 djadi pikiran ageung, naha Kangljang Gouvernement maksadna kana ngempelkeun atos, atanapi bade ngitjalkeun sendjata api, oepami jaktos maksad Gouvernement ngempelkeun atos, koe naon margina sadaja djalma noe rekst sareng noe kenging Advies ti djoera-an Tjamatna diidinan seueur noe ditolak koe noe ngaloeerkeun pasda.

Djadi siga pisan makadna Kangdjeng Gouvernement teh bade ngitjalkeun sendjata api, walloberaiam naon margina, da ari sisan pirakoe. Margi oepami niat nekad mah, teu kedah koe sendjata api sagala roepi. Tingali bae di Atjeh.

Sareng ngoeping wartos di sanes karadjaan mah sapertos di Singapura bawahau Inggris, sendjata api teh doegi ka tjeuk wiwilanganana mah didjoel di pasar-pasar sapertos dagangan di dieu mah toekang gondong. Eta emoetan djalmi bodo leres, margi si rajatna moal gadoeh hate djajah atanapi ngoekek-ngoekek ka Regering, sapertosna kieu bae, oepami boedang dipertjaja sareng diasih enz-teu kirang naon-naon koe doenoengnana, tangtos si boedjang djadi setia, da doenoengnana sakitoe sacca, namoeng sawangtoelna doenoengan agandoeng hate teu kantenan, langtos si boedjang ge nja kitoe keneh.

Ajeuna di tan-h Hindia parantos aja roeri-roepi kadjantenan: Inlandsche Verponding, Ambtenaar kenging personeele belasting, Inkomstbelasting, katoeroeg toeroeg ajeuna aja deui Staatsblad 1926 No. 155 (vuurwapensordonnantie), atoeb beuki ngoejoengkeun, bae noe djadi rahajat teh; tina sakitoe lobana noe koedoe ditonnan.

Koe margi eta paoeloen moegi-Regering kersa nimbang nimbang eta Staatsblad 1926 No. 155, sareng sanesna, sapertos Inl: Verpon-

ding, Personeele belasting enz. noe matak ngadjadikeun kaweratan ka Rajatna, oge.

Moegi-moegi ieu seratan sim koering sing djadi peminangan ka noe ti pajoen matak mandar asa sih pang-welas ka rajatna kersa nimbang kana kakoeatan somah, oelah sagala diwewelkeun, bisi henteu "hocrip goesti, waras abdi."

Noe tjaket ka leuweung.

Oleh - oleh.

Dina waktos-waktos ieu di oerang boh di mana boh di mana bae pran-tos beuki nambihan bae, seueurna kahar, mani ajeuna mah rada sesul oepami ngilari kahar atanapi delman anoe teu rangug karek wenguhing di kota mah, doeka di distrik-distrik mah. Malah anjar-anjar ieu mah bet ditambah deui koe mobil, oepamina bae di Tasik sataoen kapengker mah kenging disebat teu aja bae mobil sewa atanapi autobus teh, geura ajeuna di station teh mani aja opat lima-na mobil teh djabi autobus, oepami ditingal tingal anoe kapendak bae balawirina nganggo merk taxi mani pabalioet ana kitoe manawi aja doea poelohna mobil sewa di Tasik teh. Eta hidji tanda kamadjeugan oge.

Namoeng anoe ngeunah-ngeunah anoe teu ngeunah-teu ngeunah.
Geura pikeun anoe garadoeh mobil mah nja raos-raos bae nja djelona beungkar mana gadoeh mobil oge nja kenging kaentoengan.

Mangkaning oerang desa mah anoe teu garadoeh ngan oekoer kabagean keboelna, soemawonna ngagadoehan ngasain toempakna oge henteu. Tupi nja eta atoeb boeboehan watek doenu kitoe, anoe ripoeh mah nja beuki ripoeh bae, tjeuk paripaos tea teu maie teu meuleum, tapi ripoehna mah seueur noe kabagean. Bilih bae aja noe mariksa koemaha ripoehna si somah teh, atoeb keun bae anoe baroga mobil-mobil bae mah da teu ngahesekeun ieu dosit doelina.

Beu lores pisan djoeragan-djoeragan kitoe tea mah, oepami eta mobil-mobil anoe baleungkar teh tara ngalangkoeng djalan, naha mah. Koemaha ieu mah mana mana djalan desa anoe gedo mani ridig atanapi sanes lidig deui roeksak kitoeh, mani toeksel ngomeanana teh, tah eta noe mawi disebat tambah seueur mobil sareng toetoempakan noe sanes tambah kaburatan ka sawareh somah anoe djalan desana lidig mangkaning ieu mah diomeanana dipgawena estoe koe tanaga somah woengkoel. Sanes pisan baha mah kana gawe nagara teh, da boektina ngawajahnakeun maneh koe diomean, ana kitoe teu perloe desa gedo gede teuing, atoeb djalan desa mah saperloena bae gedena ambeh teu didjalna mobil, roda atawa kahar, da di distrik pigoengungan mah geuning lalutik bae.

Koemaha atoeb moal enja dileuti kan omaman. Nja oepami teu kenging dileutikan mah dalah dikomelna atoeb. Moeng aja paoeloen somah teh manawi bahan katampi, njeloenkeun sakoer djalan desa anoe sok biasa diliwatan koe mobil, kahar sareng roda njeloenkeun ditandak koe Regentschap. Tah djoeragan-djoeragan Elid njanggakeun pikeun porstel dina kempelan Regentschap raad.

Pikeun dimana - dimanana mah meureun aroeninga da kapan di oeng-gal distrik oge aja doea tiloe lid Regentschapsraad teh, mana noe katimbang perloe porstel, ieu paoeloen teh sanes pikeun di Tasikmalaja bae namoeng pikeun sakoeliahna. Sareng suena mah ieu porstel teh koe serat ambeh kalebet kana ageuda di mana kempelan.

Da somah mah teu tiasa njurila nja eta mertjajakeur ka djoeragan-djoeragan elid. Mana dipilih oge pertjaja ka djoeragan teh, - sageuj teu hojong nembongkeun ieu beunang dipertjaja.

Tjariosna bae noe mawi ka oerang seueur mobil teh margi di Bandoeng mah diukir, mana-mana anoe dipikir ti Bandoeng nja dibawa ka sanes tempat, naha jaktos kitoe?

Ieu oge moegi pjadi porstel djoeragan elid raad Kaboepateu, perjogi naroskeun ka djoeragan voorzitter naha jaktos sapertos saperti tjarios tea?

Oepami jaktos kitoe, naha raad Kaboepaten di dieu perloe ngajukeun atoeran saperti di Bandoeng? (Bade bedjana Red.)

Margi noemoetkeun awerana per-djalana ka distrik-distrik di Tasik-malaja lungkoeng abot ti Bandoeng teh. Tjeuk paripaos tea kedah ditoeug samemeh hoedjan, njusat atoeb ari kedah seueur noe tiljaka heula mah.

Pangapoenten Somah.

N. B. Naha kenging oepami djalan desa mah ditoeoep bae pikeun mobil, kahar sareng roda? da sanes antjonaana sareng aja deui djalan sanes, anoe bakoeana.

Kontrakan.

Dj. Redactie moegi kersa ngalebet-keun ieu karangan sim koering dina Sip. ti sateuatjanna timpah oendjoek ueloeloen.

Dj.? anoe ngadamel karangan dina lampiran Sip. No. 17, kapulana eta karangan Leuwi Sanghijang tikoro, ngadadarkeun pamundakna keur waktos andjeunna angkat ngaboektikeun kana roepina eta leuwi, dina lebah kapendak sareng noe karooli di Kontrakan, kantenan djoeragan nja kitoe pisan estoe henteu palseo eta lahiran teh, estoe karaos koe badan simkoering pribadi, sim koering oge kalebet golongan pagawe Kontrakan noe parantos babakoe, malah parantos seueur Kontrakan noe kadjadjah djabi noe ajeuna noedjoe dipadjeug, di Kontrak sanesna teu kiuten doenoengan bangsa sanah barwengis, sareng teu pisan aja timbangan kunoek koeli, boh dina tjatarekna soemawonten ari aja kalepatan mah noe parantos kantenan kedah bae gadjih dipotong, malah sok mendak oge doenoengan noe hampang panangan (sok njabok), nanging saparantosna ngalaman di Kontrak anoe ajeuna nembu dipadjeug, djadi emoe-tan teh bet djanten heran monel taheun 1926 X 1927, di noe sanes doenoengan bangsa sanah noe barengis sareng noe teu aja timbangan ka pprada manoesa, namoeng di ieu Kontrakan mah bet tibalik, menggal doenoengan bangsa sanah kenging disebat terang kanoesia'an, angot noe pangoelohorna (Administrateurna), boh dina bajran koeli soemawonten dina hal nampi atawa woewoerokna ka noe koeli tina hal hal damel, samalah dina wewengkon noe di linggihan koe andjeunna mah, estoe sanis-kanten dipertjantenkeun ka bangsa oerang Soenda, malah aja 3 djoembahna noe dipertjanten ngeroes di dinja, namoeng di antawis pangoroos anoe 3 tea, aja 1 pangoroos bangsa Soenda pitowin, anoe sama sakali teu nganggap manoesa kabangsuna, (noe koeli), geura kieu djoeragan noe maos Sip. noe diango heran koe sim koering ten: noemoetkeun kalakoean di noe sanesna Kontrakan oepami ngalirenkeun noe didamel taboeh 5 sonten parantos biasa, samalah sim koering oge parantos mendak anoe moeng doegi ka taboeh 4 sonten, samalah di ieu Kontrak oge bawahan pangoroos noe sanesna mah, njamoeng doegi ka taboeh 5 pangontenna, nanging ieu mah pangoroos teh mahiwal atoerana, doeka parentah ti ditoea atanapi atoerana koe andjeun ngarah kapoedji, oepami teu atjan djalan mesin listrik mah nja djongdjon bae ngadamelkeunana noe koeli teh, doepi djalanna eta mesin didamel babakoe sateugah 6 sonten, terkadang oepami setokerna noedjoe repot mah doegi ka taboeh 6 nembu djalan, tjabi galih djoeragan noe maos di mana aja waktos pikeun mandi, soemawonten oepami noe ngalakonan ibadah mah, toer andjeunna teh ngalakonan roepina mah, nanging naha teu aja pisan nimbangna ka noe sanes. leres pikeun andjeunana mah kantenan doenoengan seueur noe ngawoela sanaos diparentah ng-la tjai noe tempatna telih oge, nanging ninggang di palebah sim koering mah noe teu aja titabeun, kapaksa kedah nikreh ka sisi leuweung mandi teh, djalaran halodo teu aja tempat tjai tjaket, sadabina ti eta sim koering ngoeping wartos ti babatoeran anoe parantos lami didamel di dinja, hal majarna ka noe koeli teu woedoe roroedjit kakoeingna teh, ieu mah sanes tjeuk babatoeran deui, mandorna pisan njebatkeun ka sim koering jen parantos 3 sasih bajaranana teu kantenan, nja eta; saban sasihan waktosna bajaran moeng oekoer dipaparin voerschoet f 1, - f 2, - sareng maksadna moeng kanggo mereskeun weroeng

roepina isinon ari teu pisan majar mah ka weroeng, bilib disangka enz. manawi, malah dina salebet sasih ieu pisan katingal aja oerang Djawa noe parantos ngiring lami didamel, dina kaping 20 kamari (bajaran) maksadna bade wangsoel, perloe ngintoean anak bodjona, perloe njeomponan kabeburatan ka dessa sareng kana majar bank, dina waktosna batoer dibalajar manehna henteu disebat, (ladjeng satoetoeopna eta djalma teh naroskeun, koemaha margina noe mawi abdi teu disebat, doepi djawabna eta pangoroos teh, teu aja artos engke deui bae abis boelan, leuwih hade isoe mah digawe deui bae oelah bulik, heuleut 1. 2. dinten eta djalmi teh tomaros deui, angger bae kitoe djawabna, lami-lami koe djalaran parantos teu tiasa sabar deui, ladjeng eta djalma teh doemoehus ka salah suhidji pangoroos bangsa Europa, tina saena eta doenoengan atoeb dioeroeskeun roepina, atoeb koe djalaran eta Djawa teh teu tiasa njarios Soenda, toeroeg-toeroeg eta doenoengan bangsa Europa teh sama sakali teu tiasaen basa Djawa, atoeb teu kantenan kengingna poe-toesan, kutambah keur waktos dioeroes teh atoeb dasar koeli noe aja teh moeng sieun koe doenoengan, tjindekna teu tiasa kenging poe-toesan anoe sah, endjingna eta dialma teh disaoer ka boemina eta pangoroos noe teu majar ten, ladjeng noemoetkeun tjariosna eta djalma jen manehna di lebet rorompok ditjabok sirahna, tina teu kiut nahan kanjeri kapaksa loempat, samalah aja noe njaksian wargina ngadamel oge maudor, sareng sanes eta bae anoe njarioskeun teu atjan dibajar, samalah seueur deui djabi ti eta angot ka oerang kampoeug mah sebatna, malah boektina ajeuna djalan anoe parantos dipidamel koe koeli kampoeug, kapaksa karapokeun teu aja noe daek, nja ari pikeun djulma anjaran mah, roepina masih aja noe daek digawe di dinja, nanging munggal noe parantos tarerang adatna mah roepina gigis bae, sakiu bae heula ieu karangan ditoeoep, oepami perloe kantenan di pajoen baris di samboeng deui.

Djoe. Redactie kantenan ieu karangan sim koering teu kinten djung-galina, disoehoenkeun oepami sapoek manah moegi kersa ngalereskeun seutik-eutikeun.
Koe djalaran sakitoe karaosna koe sim koering hal djalma noe bakoe koeli di Kontrakan, katoeroeg toeroeg ngoeping jen djoeragan Hoofdbestuur BOEDI OETOMO, ngoeroeskeun kadjantenan di Soeban Ajam Ajer Kembung sareng di Poelau mandi, wartosna bade voorstel ka Pamarentah soepados atoeran Poenale Sanctie dileungitkeun, malah oepami parantos dikaboel, aja paoeloen sim koering ka para djoeragan noe lalinggih dina rid-rad, soepados madjengeun ieu perkawis, perloena pisan disoehoenkeun Regeering maparin Reglement ka sadajana Kontrakan anoe klajan adil, oelah lepat dina amisna saban-saban taheun, soepados noe koeli kabagi kulajan pantes, oelah moeng tjapena bae.

Pagawe Kontrakan.

Makan pagi.

A: Poenten bae, ari tji sok salat?
B: Moegi teu djadi bendoe, da eta toeng raji mah teu atjan diadjar pepetaanana, soemawonten pokpokanana.
A: Imah atoeb badena?
B: Doeka.
A: Naha nganggo doeka? Sanes ari aji teh, njepeng agama islam?
B: Doeka.
A: Lah koe seueur doekana ari aji. Tapi da meureun parantos ari disepitan mah, sanes?
B: Parantos ge, sakitanan kahojong sepech bae, toeng raji mah.
A: Kantenan kitoe te mah. Nanging koemaha dina manahan aji perkawis SOLAT teh SAE?
B: DOEKA, da kapan SOLATNA ge, toeng raji mah TEU ATJAN.
A: Eta koe TEU ATJAN. Kapun di wadjibkeun kedah mila m-pah solat noe 5 waktos, sapertos noe ISLAM ka saban-saban OEMAT NABI noe geus ahir baleg, aji, joeswa ti 15 ka loehoer.
B: Doeka, toeng raji mah teu nampi parentah.
A: Sageuj, kapan kaengel dina KITAB, ditorangkeun koe para A-DJENGAN (oelama ka Islamana). Di-

tingtajoengan, sarta DIEMBARKEUN kahawan dawuhan kangdjeng BOPA-TI, soepaja pada naroeoret. Da kapan andjeunna KALIPATI (wakil kg. NABI RASOEL).

B: Ari kg. NABI piwarangan saha tjenah?
A: Heer ari aji, saroepe tara pisan ngadangoekur noe ngaos. Mi RADJ bae Kapan piwarangan GOESTI NOE MAHA SOETJI.

B: Goesti Nos Maha Soetji?? Noe DEUREUT tea? Heran ka toeang raji mah, teu MIWARANG naon-naon. Ngan aja oge kieu saorna: PIKEUN SAMANEHEUN MAH, KOEMAHA MANEJI BAE.

Ari ditaros: Koinaha BATOER? Saorna deni: ARI djeung BATOER, PERLOE SILIH PIKANJAH, NGAN TEU KOEDOE SILIH TOELOENGAN, da SAROEFA pada MOESTIKA.

???

Aja samboenganana.

Pitoeah poepoerieu.

(Samboengan).

16. Kakoretan matuk ngaleungitkeun sakabeh pamodji, sabab di djalma korot tara aja kahadean; sabab dikna djalma berehan loba noe moedji, sabab loba kahadeanana.

17. Teu aja hidji perkara noe tetep di djalma noe teu njaho di doenja.

Ari djalma noe njaho di doenja, pagaweanana tara gaplah, aja bae goenana, karana doenja teh tempat sagala manoes noe rek ngalampahkeun pagawean gede atawa hantik, djeung doenja teh tempat manggih pikeun sakabeh djalma noe maksoed hade atawa goreng, sabab doenja teh tangkalna sakabeh kahadean pikeun djalma noe njaho, djeung tangkalna sakabeh kadjabatan pikeun djalma noe teu njaho.

18. Lamoen hidji kalakoean teu ngalah karasana koe sorangan, gelah sok ditapekeun ka batoer.

19. Ngahormat sasama manoesa saroea djeung ngadjenan diri sorangan.

20. Timbangan naon bae noe sok dipake nimbang ka batoer, tangtos maneh bakal ditimbang koe timbangan eta kenel.

21. Asalna papasean tina saketjap omongan kasar.

22. Djalma noe sok moedji maneh, nja eta noe pang takaboer-takaboerna.

23. Manoesa koedoe leuwih sieun koe Goesti Allah ti batan koe radjana, djeung leuwih ngaharap kana piwelas Andjeunna ti batan piwelas radjana.

24. Djalma beresih hate tara sieun koe pitetah.

25. Saha noe ngarasa beresih hate, eta saenjana masih kotor.

26. Tjirina djalma euweuh iman, betah dina ma'siat.

27. Elmoe teu djeung amal, saperti tangkal kai noe teu boehan; amal teu djeung elmoe saperti njeng-tjelenan dina roes boengbas.

28. Djalma noe pang moelja-moeljana di doenja, nja eta djalma noe toemarina kana kadarna. Oepami parantos seep tarekah.

Soenardi.

Bogor.

Patidnian di Parigi.

Pondokna tjarita; dina Sip. No. 17 dd. 26 10 '26, seratan djr. Proewita-trisna aja maksoed (ngalomoen?) di Parigi hajangeun diajan sakola tani atawa sakoerang - koeraugna didatangan koe Mantri Tani.

Karasan sim koering anoe kaseboet rajat miskin, topek lian ti ngoleungkeun patjoel, patjarian lian ti melak pare djeung sabangsana; lamoen heug kadjabatan eta tjita-tjitana djr. P. sarta nepi ka hasilna tina sakola tani, adeuh soegan mah asa karagrangan bentang, koe atoh-atohna teu boga ge meuntjit endog. Tapi, ngasaan, ke lanan permios djr. P. koering deuk ngalomoen sakadap; oerang boro enggalna bae, lamoen heug goebrag Pamarentah ngajaan sakola tani di Parigi, koering noe rek pangheulana atawa njakoleun; 2 1/2 taon oepamana geus tjoekeup (kaloer) ti sakola tani, geus kitoe da napsoe tea kadorong koe pentjarian tani, deuk ngalampahkeun elmoe ti sakola tani tea; maksoed koering noe deukout bae kana koelit beuteung, deuk melak pare heulaanan, pangarti geus tjoekeup ti sakola tani tea (oepamana ieu mah), tanah sawah lega,

leuweung boekaeun saras sarta lalendo saor andjeun, djadi meureun tinggal prak tani teh, wates raos? Kantenan raos mah Parigi tangtos kawentar hasil boemina. Tapi sim koering naros, naha tjaina moal kakirangan, oepama teu aja tjai hoedjan, k'ening (sae) ditjajan koe tjai laot? Kantenan moal salamina halodo, tangtos aja hoedjan, tapi oetamaa koedoe koemaha?

Koe lamoenan sim koering, lain ari pamilih mah da tatjan gadoeh pamilih, pikeun Parigi atawa Pangandaran Tjidjoelang oge, asa tatjan moepakat (koedoe) diajan, sakola tani mah, lantaran seueur noe djadi kabertan, saperkara waragadna ngajakeun eta sakola, kadoea tatjan poegoeh pimadjoeseunana dibanding djeung kaajaan rajatna, deui naha kira-kirana lamoen geus dibere pangadjaran tatanen bisa buitengewoon hiroepna rajat Parigi, moal nepi ka aja sawah garoeng kahalodoan? Eta sanes buitengewoon? Mending mana heula diberean sakola tani djeung tjai (pikeun Parigi ieu mah)?

Koe rasa koering soteh oetuk patjoel sanes oetuk dagung, heula oerang ngadjerit menta ka Pamaren tah diberean tjai keur tatanen, engke di mana geus laloessa teu aja sawah garoeng kahalodoan, ti dinja kakara oerang menta elmoena anoe sampoerna. Sabab pikeun tanah Parigi beunang diseboet tanah tjarang, tjaina beak nyerep ka laot soegan.

Oelah kalangsoe djr.? Anoe deukeut heula bae poendoet, da sim koering mah njeun imah memeh dibilikan dihatetupan heula soepaja aja hoedjan bisa ngoehlan saboetolna dipake sare oge tiasa geus dihatetupan mah; oelah haripeut pedah Tasik menta Mulo atawa Tjiandjoer menta Ambachtschool, atoech sanes bandingeun Parigi, poegoeh pantes, tegep, sieup moen di Parigi diajan Landbouwschool malah kedah ditambihan koe Handelschool doui langkoeng oetama, sanes madjeng perdangan oge?

Koe bab kamadjengan poegoeh di Parigi teh geus diaoeh mela meloe ti djuan 15 taonoe ka toekang mah, nja lamoen dilanglangan mah koe Mantri Tani rada oge roedjoek, ngan bae kahajang noe pangkerasna soepaja diheulakeun tina bab tjai (irrigatie) pikeun distriet Pangandaran djeung Tjidjoelang sakitoe pangarep-ngarepna.

Sawian.

di Pangoemben.

Timbangeun.

Ngajakeun sakola smjar. Moerid-moerid anoe geus kaloeur mareunang diploma ti sakola klas II, anoe oemoerna tatjan leuwih ti 15 taon, sarta leuwih ti 10 taon, koedoe disadiaan sakola geusan neroeskeun pangadjarana, anoe sanggeus kaloeurna ti eta sakola teh, bisa njoemponan kaperioean hiroepna, djaman kiwari.

1. Lilana eta sakola 4 taon.
2. Goeroena aja 6.

a. Ti Landbouwschool. Ngadjarna sakoer pangadjaran anoe pang perloe perloena di eta tempat, tina perkara tani.

b. Ti Handelschool. Ngadjarna sakoer pangadjaran elmoe dagang, boekhouding pikeun oerang pribomei (modal leutik).

c. Ti Ambachtschool (K. W. S.). Ngadjarna sakoer anoe pangperloena bae, tina pagawean kai sareng beusi.

d. Ti H. E. S. Ngadjarkoeun perkara babad, kapintaran sedjen anoe leuwih mangpaat geusan hiroepna.

e. Meester in de Rechten. Ngadjarkoeun perkara hak-hak rajat, wet-wet anoe pangperloena dikajuhokeun.

f. Ti Stovia. Ngadjarkoeun perkara noeloengan saheulaanan ka noe meunang tjilaka, boh koe panjakit, boh koe katjilakaan sedjen.

Ieu Systeem moegi-moegi koe para Djoeragan djoeragan anoe laloehoeun kersa pada narimbang sareng ngadeudeul, soepados kadjabatan.

Oepami parantos beres, kantenan tade dihatoekeun ka P. G. H. B. soepados diteraskeun ka Onderwijsraad.

Keterangan pandjang sajagi kanggo dimana perloena.

M. Kartastmadia.
Pangoeng Bogor.

Boekhandel Weber Tasikmalaja.

Ngilari hidji istri
Soenda noe iasa basa
Walanda anggoeun ngadjoel boekoe-boekoe sareng roepi-roepi di toko.

Sajagi kareta mesin Merk SIMPLEX

Auto banden: Michelin, Goodyear Dunlop. Prabot auto.

Inditna auto bus (di pajoneun toko Beng).
Ka Garoet poekool 7 endjing.
Tjikidjing poekool 7 endjing.
Karangnoenggal poekool 7 sareng poekool 10.
Ka Bandar poekool 7 sareng poekool 12.
Autobus dienst Tasikmalaja Tel. No. 2.

KLEERMAKER M. HOESEN KIDOEL STATION TASIKMALAJA

Nampi padamelan roepi-roepi anggoan, ditanggael sae, pangaos mirah.

Toko en Drukkerij Pasoeendan Tasikmalaja.

Nampi tjitakkenn, ngitjal boekoe-boekoe pangadjaran sareng wawatjan-wawatjan.
Ardoena Laras Konda tamat moeng f 0.75
Biantara Somah moerba (Democratie) f 012/2
Parjirimon sepoeh anggoan para sepoeh f 0.15
Minjak Moestika, 50 matjem kasawat f 7,-

ADRES noe parantos KASOROH DAHJAN

Toekang Mas Roemah No. 18 TASIKMALAJA.
Ngitjalkeun roepi-roepi perbilasan tina mas sareng perak damelan perbilas, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel penit, soember, lilpen, padamelan ditanggael sas sareng enggal.
Diabi ti eta ngitjal roepi-roepierlodji sakoe, erodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur deui perbilasan mangga djoeragan djoeragan enggal saroeumping soepados kaenanga.

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kringing!
EEREDIPLOMA MEDALI M.A.S.

TEGELFABRIEK

"NAJA" Goenoengabeulah TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel, pangaos sareng kakiatan ditanggael ngabingahkeun.
Oegi midamel gambar boemi (bouw tekening), pangaos tiasa badanten).
24 Directeur.

COIFFEUR B. OETIH

Toekang masas
Djadjawaj Tasikmalaja.
Parantos njajagikeun medja tolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjantenan anoe ditjoekeur koe noe kirang apik ngadantenkeun tjilaka salira. Mangga saroeumping.
Noe ngantos
B. OETIH
19 Tjaket Soos. K. M. Tasikmalaja

TOKO Universeel Agentschap NIC MULLER TASIKMALAJA Goenoengladoe No. 15 Telefoon No. 26.

PATENTMEDICYNEN (obat obatan-segala roepa)
Chemicalien (bakal obat)
T J E L E P (Sipoetan) segala roepa.
Soda Api, Soda Api, Soda Api.
Rookwaar (barang roko)
Snoepgoed (goela goela)
Medicinale dranken (minoeman obat).
A W A S. Di saban tempat besar di Priangan wetan kami tjari agent boeat djoel lagi kami poenja djoelan.
Dan kami djoega tjari orang jang maoe koeliling bawa djoelan.
Oentoeng bagoes, tetapi misti ada soerat borngja.
Boleh minta pryscourant (preskoran) dapet kirim pere.
Segala obat bisa kirim rembours.
HARAP MAMPIR boeat lihat djoelan di toko dan boeat adjar kenal.
1 Banjak hormat
NIC. MULLER.

LELANG KAJOE.

Pada hari Senen tanggal 15 November 1926 poekool 9 1/2 pagi di roemah bola Intramontes Garoet dari 1 perceel kajoe jang masih toemboeh, besar 1.67 H.A. ada di oetan G. Papan-dajan dekat Tjioeroepan. Di taksir ada 46 M² klas 2, 21 M² klas 3 dan 338 elo kajoe bakar. Katrangan minta sama Opperhoutvester di Garoet.

Awas, moesim panas parantos doengkap!

Istri pameget kedah atos-atos margi kasehatan gampil ka ganggoe. Djagi leres-leres kusehatan djoeragan soepados tetep seger.

Hidji koech tina; 14

Tipoeng Hoenkwe Tjap Kembang (Damelan Njoenja Tjoe Tjoen Goan Halte Tjitjoeroek)

Anggoeun ngopi atanapi ngeteh waktos tengah dinten dja-di landong babakoena kana nolak hawa awon dina moesim aieuna ngadjadikeun salira tambah seger, ngaleungitkeun hojong bae ngarot sareng ninggalkeun raos noe katjida n'matna.

Seungit, raos sareng tias!!!

Didjoel dimana - mana.
Pangaos sapak f 0.25. Pesenan paling saeutik 15 pak.
Anggoeun djoeleun deui paling saeutik 100 pak kenging langkoeng mirah pisan.
Atoeran nganggona dikintoen ka soegi noe moendoet.
Tipoeng Hoenkwe Pabrik Tjap Kembang.

Tjoe Tjoen Goan Tjitjoeroek.

Gratis.

Tjubi ngintoen adres djoeragan noe tetela sareng parangko tiloe benggoleun engke dikintoen sapak. "Kaloerangan noe dipikaresep koe sagala bangsa".

Milari langganan
B. BARLI
Toekang Kopjah
Pasar Baroe Bandoeng. 17

Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan djoeragan adres anoe di koehoer leu dina waktos leu nembu moeka winkel Kopjah, Special ngitjal Kopjah kangge itjaleun deui, koe margi eta mangga djoeragan djoeragan njobian langganan ka djimim abdi pangaos sareng padamelan ditanggael mirah sareng sas.
Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelan soeroet sakomaha model ajena sapertos: Kopjah boeloedroes boelo anoe roepi-roepi kleur sapertos, abe-aboe, hedjo loekoet, kopi, hiderung s.s.t. Kopjah boeloedroes hiderung roepi-roepi model, kopjah Padang soetra sareng Padang Katoen.
Sateu atjanna ngitjoeun seras pesenan, tjobian heula moendoet pryscourant.

